



Pwogram Enèji Greater Cambridge

Bezwen Pwojè

Zòn Greater Cambridge la ap fè eksperyans yon ogmantasyon nan nouvo devlopman rezidansyèl ak komèsyal ki, ansanm avèk objektif rediksyon konbistib fosil nan nouvo biling ak elektrifikasyon, ap jenere yon demann ki ap grandi pou kouran.


Inisyativ transmisyon premye nan kalite sa a fèt yon fason inovatif pou mete yon kantite siyifikatif enfrastrikti ki nesesè anba tè ak pa wè, vin tounen pi gwo soustasyon anba tè nan peyi a nan 35,000 pye kare.

Pwojè sa a pral adrese ogmantasyon demann elektrik nan rejon an, amelyore rezistans sistèm transmisyon an ak asire yon griy fleksib pou sèvi kliyan yo yon fason fyab pandan li ap sipòte objektif dekarbonizasyon ak elektrifikasyon vil Cambridge ak Massachusetts pou diminye enpak chanjman klimatik la.

Deskripsyon Pwojè

Nouvo soustasyon anba tè a pral chita ant Broadway ak Binney Street nan Kendall Square ak yo pral entegre nan yon gwo pwojè devlopman pou itilizasyon melanje nan ansyen sit Kendall Center Blue Garage. Pwojè sa a pral gen ladan senk bank kanal anba tè ki gen uit nouvo liy transmisyon 115 kilovolt (kV). Wout transmisyon yo pral kouvri Boston (Allston/Brighton), Cambridge, ak Somerville pou konekte ak estasyon ki egziste deja nan kominote sa yo.

Yon patenarya ki te dirije pa ofisyèl Vil Cambridge yo, Eversource, ak BXP ak kolaborasyon Vil Somerville ak Vil Boston te bay efò kolaborasyon sa a pou lokalize soustè a yon fason inik — yon premye nan kalite li nan peyi a. Anwo soustasyon anba tè a pral gen yon espas deyò kominote ouvè ak aksesib.



(Kontinye)

Sansibilizasyon Kominote

Nou pran angajman pou kontinye travay kolaborasyon patenarya nou ak chak kominote lokal, lidè minisipal yo ak lòt moun ki enterese yo.

Efò sansibilizasyon piblik nou yo te kòmanse an 2019 ak nou te fè premye jounen ouvèti piblik nou an nan 2021. Nou ap kontinye angaje ak mande fidbak nan yon seri divès katye ke pwojè a pral travèse.

Orè Estimasyon*

- Depoze petisyon anplasman ak Energy Facilities Siting Board [Komisyón Konsèy Enstalasyon Enèji] (EFSB): 10 mas 2022
- Odyans Piblik EFSB: 28 jan 2022, 10 novanm 2022
- Desizyon final EFSB a: 28 jan 2024
- Kòmansman Konstriksyon: T1 2025*
- Estimasyon dat nan sèvis: T1 2029*
- Fini Konstriksyon: 2031*

*Dat yo ka chanje

Pou Plis Enfòmasyon

Voye yon imèl bay Eversource nan ProjectInfoMA@eversource.com oswa rele 1-888-836-0302. Ou kapab tou kenbe ajou sou sa ki ap pase nan kominote ou lè ou bay enfòmasyon kontak ou pa telefòn, imèl, oswa lè ou eskane kòd QR la avèk aparèy entelijan ou a.



Wout Komisyón Konsèy Sitiyasyon Etablisman Enèji yo te apwouve pou konstriksyon yo nan dat 28 jan 2024

